

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun kamampuh ngalarapkeun éjahan, kasalahan-kasalahan éjahan, jeung faktor nu mangaruhan kana kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016.

Dumasar kana hasil analisis data, bisa dicindekkeun yén tina 36 siswa, tilu siswa kaasup katégori alus pisan (nya éta no: 2, 17, jeung 25), tujuh siswa kaasup kana katégori alus (nya éta no: 10, 11, 12, 18, 20, 22, jeung 30), tujuh siswa kaasup kana katégori sedeng (nya éta no: 8, 16, 26, 27, 29, 31, jeung 36), 13 siswa kaasup kana katégori kurang (nya éta no: 1, 3, 5, 7, 9, 13, 14, 19, 21, 24, 32, 33, jeung 35), jeung genep siswa kaasup kana katégori goréng (nya éta no: 4, 6, 15, 23, 28, jeung 34). Jadi, siswa anu dianggap mampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran téh aya 17 urang atawa 47,21%. Ku kituna, rata-rata tingkat kamampuh ngalarapkeun éjahan siswa dina nulis wawaran téh kaasup kana katégori kurang.

Kasalahan ngalarapkeun éjahan dina karangan wawaran téh kapanggih aya 820. Kasalahan ngalarapkeun éjahan dina éta karangan anu panglobana (33,78%) nya éta dina nuliskeun aksara, jumlahna aya 277. Kasalahan pangsaeutikna (10,12%) nya éta dina nuliskeun kecap, jumlahna aya 83. Jumlah kasalahan anu sésana nya éta dina makéna aksara aya 186, dina nuliskeun unsur serepan aya 173, jeung dina makéna tanda baca aya 101. Jadi, kamampuh siswa dina makéna aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung makéna tanda baca leuwih hadé ti batan kamampuh nuliskeun aksara. Kasalahan siswa palebah dieu mah, lolobana nuliskeun aksara gedé di tengah kalimah.

Dina nuliskeun aksara, kasalahanana nyoko kana kasalahan: (1) teu ngagunakeun aksara gedé di awal kalimah aya aya 33; (2) ngagunakeun aksara gedé di tengah kalimah aya 150; (3) dina nuliskeun ngaran daérah aya 13; (4) dina nuliskeun ngaran bulan aya 14; (5) dina nuliskeun ngaran poé aya 10; (6) dina

nuliskeun ngaran *hari raya* aya opat; (7) dina nuliskeun judul aya tilu; (8) dina nuliskeun kecap anu aya patalina jeung ha-hal kaagamaan aya dalapan; (9) dina nuliskeun kecap anu nuduhkeun pancakaki aya tujuh; (10) dina nuliskeun singgetan aya 19; (11) dina nuliskeun ngaran resmi tempat aya genep; (12) dina nuliskeun ngaran resmi acara aya dua; (13) dina nuliskeun gelar aya genep; jeung (14) dina nuliskeun ngaran sélér bangsa aya dua.

Dina makéna aksara, kasalahanana nyoko kana kasalahan dina makéna vokal aya 177 jeung kasalahan dina makéna konsonan aya salapan.

Dina nuliskeun kecap, kasalahanana nyoko kana kasalahan dina nuliskeun: (1) angka jeung lambang bilangan aya hiji; (2) kecap asal aya opat; (3) kecap pangantét aya 30; (4) kecap rajékan aya dua; (5) kecap rundayan aya 28; (6) kecap sulur aya 12; jeung (7) gabungan kecap aya genep.

Dina nuliskeun unsur serepan, kasalahanana nyoko kana kasalahan dina nuliskeun kecap serepan tina basa Arab, nerjemahkeun kecap tina basa Indonésia, jeung kecap anu kamalayon.

Dina nuliskeun tanda baca, kasalahanana nyoko kana kasalahan dina makéna: (1) tanda titik aya 52; (2) tanda koma aya 31; (3) tanda titik dua aya tilu; (4) tanda geret aya 10; (5) tanda pisah aya hiji; jeung (6) tanda gurat condong aya tilu.

Dumasar kana data kaweruh éjahan, katitén yén tina 36 siswa, dua siswa kaasup kana katégori alus (nya éta no: 4 jeung 30), 12 siswa kaasup kana katégori sedeng (nya éta no: 5, 8, 9, 10, 11, 12, 17, 18, 20, 29, 33, jeung 36), 21 siswa kaasup kana katégori kurang (nya éta no: 1, 2, 3, 6, 7, 13, 14, 15, 16, 19, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 31, 32, jeung 35), jeung siswa nu kaasup katégori goréng ngan aya hiji nya éta no. 34. Jadi, rata-rata tingkat kaweruh éjahan siswa kaasup kana katégori kurang.

Gedéna korélasi antara kamampuh jeung kaweruh éjahan nu diitung ngagunakeun koéfisién korélasi nya éta 0,324. Ku kituna, bisa diinterpretasikeun hubungan antara variabel kamampuh jeung kaweruh éjahan téh handap.

Koéfisién déterminasi variabel kamampuh jeung kaweruh éjahan nya éta 0,105 atawa 10,5%. Hartina, kamampuh ngalarapkeun éjahan téh dipangaruhan ku kaweruh éjahan 10,5%; sedengkeun sésana dipangaruhan ku faktor séjén.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu perlu ditepikeun.

a. Pikeun Guru

Dina nulis wawaran, siswa loba kénéh ngalakukeun kasalahan dina ngalarapkeun éjahan. Éta hal téh bisa jadi cecekelan pikeun guru sangkan leuwih jero deui dina ngajéntrékeun aturan ngalarapkeun éjahan, boh dina maké aksara jeung tanda bacana, boh dina nuliskeun aksarana, kecapna, jeung unsur serepanna.

Dina pangajaran nulis, hasil tulisan siswa lain ngan saukur dipeunteun wungkul, tapi kudu dipariksa tuluy dioméan nu salahna sarta dituliskeun catetanana keur siswa. Éta hasil mariksa téh tuluy bagikeun deui ka siswa, sangkan siswa nyaho yén dina tulisanana téh masih kénéh aya nu salah.

b. Pikeun Siswa

Siswa kudu leuwih merhatikeun deui tulisanana, lantaran lamun aksarana béda, tangtu hartina ogé béda. Kitu ogé dina maké tanda baca, siswa kudu bisa maké tanda baca luyu jeung fungsina. Salian ti éta, siswa kudu leuwih ngeuyeuban deui kosa kecap basa Sundana, ulah nepi ka nyampurkeun kekecapan basa Sunda jeung basa Indonesia.

c. Pikeun Panalungtik Satuluyna

Pikeun panalungtikan satuluyna, dipiharep aya nu nalungtik ngeunaan éjahan dina basa Sunda teu ngan saukur nalungtik kasalahanana wungkul, tapi ogé ditambahan ku nalungtik faktor nu nyababkeunana sarta métode pangajaran anu cocok pikeun ngajarkeun éjahan.